

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil pedaran BAB VI, ieu panalungtikan téh bisa dicindekeun: 1) **Téma** dina ieu novel téh nyaéta ngeunaan kudu silih ajénan, pangpangna antara lalaki jeung wanoja dina kahirupan rumah tangga. **Galur** dina ieu novel téh éstu silih sinambung. Teu ukur silih sinambung antar peristiwa hiji jeung peristiwa séjénna, galur dina ieu novel ogé geus nyumponan sarat bagian awal, tengah, jeung ahir. Konflik anu nyampak téh leuwih kana konflik batin. **Tokoh** nu kapanggih dina ieu novel téh aya 30 tokoh, nyaéta Marjanah, Bapa Supi, Sati, Mian, Ma Supi (Minah), Pinuk, Pa Ahim, Pa Marsid, Bapa Mirsa, Ibuna Marjanah (Sulaéha), Bapana Marjanah, Nyi Sumarni, Éyang istri, Éyang pamegat, Unah, Djupri, Sulaékin, Sutirin, Sudradjat (Jack), Marto, Marno, Sutrisna, Martilah, Sumarni, Rusmali, Bang Amat, Bang Amin, Pa Mursid, Tan Kim Lék, jeung van Reewijk. Tina réana tokoh nu aya dina novel *Marjanah* teu kabéh éta tokoh boga peran anu penting dina galurna carita, di antara tokoh anu muncul ukur jadi panglengkep téh nyaéta, Unah, Djupri, Sulaékin, Marto, Marno, Sumarni, Rusmali, Bang Amin, Pa Mursid, Tan Kim Lék, jeung van Reewijk. Tokoh-tokoh anu geus dirarancang ku pangarang téh tétéla mangrupa gambaran kaayaan mangsa kolonial. Pangpangna mah nilik kana kaayaan status alam harita, nyaéta aya cacah jeung ménak, aya ogé anu nyangking atikan jeung teu nyangking atikan, aya deui anu modérn jeung tradisi. Kaayaan di luhur téh diwakilan ogé ku latar anu ngawangun dina ieu novel. **Latar** anu kapaluruh nyaéta kampung jeung kota. Dua kutub anu béda, ogé ngalahirkeun situasi sosial anu béda. Nilik kana éta hal, bisa disawang yén kampung téh minangka situasi anu ngawakilan cacah, tradisi, jeung teu nyangking atikan. Sedengkeun kota disawang minangka situasi anu ngawakilan ménak, modérn, jeung nyangking atikan. **Sarana-sarana sastra**, utamana judul anu luyu jeung eusi carita. *Marjanah* téh lain baé hiji judul atawa hiji novel, tapi mangrupa gambaran atawa gagasan ti pangarang anu boga karep ngalawan jeung méré sawangan yén wanoja téh kudu sadrah kana posisina. Éta hal téh katangen dina narasi-narasi anu dicaritakeun langsung ku pangarangna.

Tsany Nurfajriani, 2018

CITRA JEUNG STÉRÉOTIP WANOJA SUNDA DINA NOVEL MARJANAH KARANGAN S. DJOJOPUSPITO:

*Ulikan Struktural jeung Féminisme*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lebah dieu pangarang téh maké puseur sawangan jalma katilu-teu kasengker atawa bébas.

2) **citra jeung stéréotip** wanoja dina novel *Marjanah* téh kapanggih tina status sosial jeung atikan tokohna. Copélna antara tokoh ménak anu nyangking atikan, tokoh ménak anu teu nyangking atikan, jeung tokoh cacah anu teu nyangking atikan, boga citra jeung stéréotip anu béda-béda. **Tokoh wanoja ménak anu nyangking atikan** mah boga citra anu positif, kitu deui stéréotipna anu bageur, pinter, kuat, kritis, jeung cerdas. **Tokoh wanoja ménak tapi teu nyangking atikan** mah citrana téh positif dina sawangan kaom cacah, tapi dina disawang kaom ménak deui mah negatif. Kitu deui stréréotipna ogé béda, dina kacapanon cacah mah wanoja ménak téh bageur, pinter, jeung luhur darajatna, tapi disawang tina kacapanon ménak mah, teu payaan, ukur pikeun nyumponan napsu, ukur pikeun ngurus rumah tangga. **Tokoh wanoja cacah bari teu nyangking atikan (formal jeung non formal)** nasibna leuwih tragis, salian ti citrana ogé negatif, stéréotipna teu payaan, darajatna hina, jeung ukur pikeun pangabutuh napsu. Tapi aya hal anu ngirut, nyaéta **tokoh wanoja cacah anu nyangking atikan** non formal, tapi teu nyangking atikan formal boga citra anu positif, sedengkeun stéréotipna teu payaan jeung ukur ngurus kahirupan rumah tangga, saperti tokoh Sutirin.

Nilik kana eusi carita novel *Marjanah* téh lain baé hiji judul atawa hiji novel, tapi mangrupa gambaran atawa gagasan ti pangarang anu boga karep ngalawan jeung méré sawangan yén wanoja téh kudu sadrah kana posisina. Pikeun sadrah kana posisina, wanoja téh kudu nyangking atikan, boh formal, boh non formal. Éta hal téh katangen dina narasi-narasi anu dicaritakeun langsung ku pangarangna jeung tokoh-tokohna. Pangarang sadrah yén citra jeung stéréotip wanoja mangsa kolonial téh kacida negatifna, ku ayana novel *Marjanah*, pangarang ogé boga usaha pikeun ngalawan bari ngawangun citra jeung stréréotip wanoja anu dipikahayang ku pangarang. Pikeun pangarang wanoja nyangking sakola téh, lain pikeun karir, tapi pikeun merenahkeun dirina di masarakat minangka wanoja anu luhung darajatna.

## 5.2 Sarana

Ambahan tiori féminis téh kaitung jembar, utamana nu patali ulikan ngeunaan pangarang wanoja, ulikan sastra feminis sosialis, ulikan sastra feminis psikoanalitis, jeung ulikan feminis lesbian.

Ku réana rohang ulikan, tangtu panalungtikan tiori féminisme téh moal réngsé pikeun dipedar. Salila diskursi ngeunaan citra jeung stéréotip masih terus gumulung sarta perlu dipadungdengkeun kénéh dina panalungtikan séjénna. Tapi panalungtik nyarankeun, boh pikeun mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, boh pikeun masarakat akademik sakumna, sangka leuwih jéro deui ngulik panalungtikan féminisme dina ulikan séjénna, misalna dina pasualan ulikan pangarang wanoja. Éta hal téh dilakukeun pikeun merenahkeun kalungguhan wanoja, pangpangna pangarang dina kahirupan sastra Sunda.